



Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics Test, Book 3
March 12–16, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 3

Ane **8**

12–16 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksiyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk entriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si w montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Fich Revizyon Matematik

FÒMIL

Teyorèm Pitagò



$$c^2 = a^2 + b^2$$

Enterè Senp

$$I = prt$$

Distans Fòmil

$$d = rt$$

KONVÈSYON

Konvèsyon Tanperati

$$F = \frac{9}{5}C + 32$$

$$C = \frac{5}{9}(F - 32)$$

Konvèsyon Mezi

$$1 \text{ mil} = 5.280 \text{ pye}$$


$$1 \text{ yad} = 3 \text{ pye}$$

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk

34

Pou yon devwa ala mezon, Sarah dwe trase yon dwat ki pase nan pwen $(-3, -3)$ ak $(3, 3)$.


Trase dwat Sarah a sou griy ki anba a.



Kontinye

35

Eliana ak sè li ap fè konparezon pri de mak sereyal. Toasty Oats koute \$2,25 pou yon bwat 15 ons. Crunchy Oaties koute \$3,90 pou yon sache 30 ons.



Pati A

Ki pri Toasty Oats pa ons?

Montre travay ou.

Repons \$ _____ pa ons


Pati B

Ki valè lajan pa ons Toasty Oats koute anplis pase Crunchy Oaties?

Repons \$ _____ pa ons

36

Gabrielle enklina ke biya li kont bò tab biya a, jan sa endike anba a.



[pa trase selon echèl la]


Ki mezi $\angle A$?

Montre travay ou.

Repons _____ degre

Kontinye

Pantagòn ABCDE reprezante sou griy ki anba a.



Pati A

Sou griy la, trase translasyon pantagòn ABCDE senk init adwat epi twa inite anba. Mete lejann sou figi transfòmè $A'B'C'D'E'$.

Pati B

Sou dwat ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn pozisyon A'.

Kontinye

38

Tablo ki anba a montre kantite chapwon, y , ki nesèsè pou sèten kantite elèv, x , nan yon lekòl dans.

DANS LEKÒL

Kantite Elèv (x)	32	48	64	96
Kantite Chapwon (y)	4	6	8	12

Ekri yon ekwasyon ki reprezante relasyon ant kantite chapwon ki nesèsè ak kantite elèv ki ale nan yon dans.


Ekwasyon _____

Konbyen chapwon k ap nesèsè pou yon dans ki gen 240 elèv?

Repons _____ chapwon

39

Nan figi ki anba a, dwat m paralèl ak dwat n . Dwat p se yon dwat transvèsal.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle ABC$?

Montre travay ou.

Repons _____ degre

Kontinye

Tablo ki anba a montre balans kanè bank Jeffrey pou sis semenn pase yo.

**KANÈ BANK
JEFFREY**

Semenn (<i>w</i>)	Balans (<i>b</i>)
1	\$10
2	\$24
3	\$38
4	\$52
5	\$66
6	\$80

Pati A

Avèk enfòmasyon ki nan tablo a, ekri ekwasyon ki reprezante balans, b , nan kanè bank Jeffrey an fonksyon kantite semenn, w .

Repons _____

Pati B

Itilize ekwasyon ou oswa enfòmasyon ki nan tablo a pou jwenn balans Jeffrey ap genyen sou kont labank li nan Semenn 8 la.

Repons \$ _____

41

Zach touche \$160 pa semenn nan yon makèt lokal. Li fè yon peman \$12 pa semenn pou yon bisiklèt nèf. Li depanse \$75 chak semenn pou manje ak amizman. Zach depoze rès lajan li nan yon kanè bank. Zach estime li depoze apeprè 25% nan \$160 nan kanè bank li chak semenn.

Pati A

Èske estimasyon Zach la kòrèk?

Repons _____

Sou dwat ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

Pati B


Konbyen lajan Zach dwe depoze nan salè pa semenn li pou li ka sere 40%?

Repons \$ _____

Kontinye

42

Triyang PQR se yon triyang rektang.



[pa trase selon echèl la]


Ki longè kote x ?

Montre travay ou.

Repons _____

43

De dwat koupe nan pwen B, jan sa endike anba a.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki valè x ?

Montre travay ou.

Repons _____


Pati B

Ki mezi $\angle ABC$ an degre?

Repons _____ degre

Kontinye

44 Trapèz MNOP reprezante sou griy ki anba a.



Pati A

Sou griy la, trase imaj trapèz MNOP apre yon refleksyon sou aks-y. Mete lejann sou nouvo trapèz M'N'O'P'.

Pati B

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn pozisyon pwen M'.

Kontinye

Shawna ap fè konparezon pri pou telechajman mizik nan de sit wèb diferan.

Nouvo Ton \$5,00 pou frè kontra \$0,75 pa chanson	Nouvo Mizik \$9,00 pou frè kontra \$0,50 pa chanson
--	--

Shawna te ekri ekwasyon anba a pou detèmine lè de plan yo ap koute menm kantite lajan. Li itilize s pou reprezante kantite chanson yo.

$$0,75s + 5 = 0,50s + 9$$

Ki kantite chanson ki dwe telechaje pou toulède plan mizik yo pou koute menm pri?

Montre travay ou.

Repons _____ chanson

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 8
Egzamen Matematik
Liv 3
12–16 mas 2007

Grade 8
Mathematics Test
Book 3
March 12–16, 2007